

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kegiatan nulis mangrupa salasihiji aspék kaparigelan basa anu hésé. Disebutkeun hésé, sabab nulis mangrupa puseur tina kaparigelan basa anu dirojong ku pangaweruh kabasaan anu cukup (Mardiyah, 2016, kc. 3). Suparno jeung Yunus (dina Munirah, 2019, kc. 2), nétélakeun yén nulis téh minangka hiji kagiatan nepikeun pesen (komunikasi) ngagunakeun basa tulis minangka alat jeung médiana. Nulis mangrupa salasihiji runtuyan kaparigelan dasar anu kudu dikawasa siswa, sabab dina ngawasa nulis siswa, bakal ngawasa heula kaparigelan maca jeung maham éta téks bacaan (Rahman 2020, kc. 66).

Ku kituna, kaparigelan nulis téh perlu dironjatkeun ngaliwatan pangajaran di sakola. Ilaharna, basa tulis anu dipaké téh mangrupa aksara latén pikeun jadi aksara panganteur dina pangajaran. Dina kaayaan kiwari, nyatana kaparigelan nulis leuwih héngkér tibatan kaparigelan basa nu séjén. Nurutkeun Rahman (2018, kc.14), kaparigelan nulis siswa can ngahontal kana kamekaran anu signifikan. Udagan nulis anu sakuduna bisa ngaronjatkeun daya pikir siswa, anu ngahudang karep sangkan hayang nulis, buktina mah masih kénéh jauh tina éta udagan.

Salasihiji kompetensi nulis anu kudu dicangking ku siswa nyaéta nulis aksara Sunda. Tapi dijaman kiwari, aksara Sunda kurang dipikawanoh ku masarakat Sundana. Kitu ogé, dina pangajaran Aksara Sunda di SMA kelas X, saupama dititénan mah aksara Sunda téh kurang dipikawanoh ku siswa. Jalaran kamekaran jaman jeung kurangna miara budaya, lolobana barudak teu wanoh kana aksara Sunda (Sundari, 2016, kc.28).

Dumasar kana KIKD kurikulum basa Sunda 2013 révisi 2017 SMA kelas X, kompetensi dasar anu kudu dihontal ku siswa nyaéta *3.7 menganalisis bentuk dan tipe aksara Sunda sesuai dengan kaidah-kaidahnya* (Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal, 2017, kc.36). Tina éta KD, siswa kudu bisa nganalisis wangun jeung tipe aksara Sunda anu ngawengku aksara sora, aksara ngalagena, wilangan (angka), sarta rarangkén.

Nurutkeun Hardiani, spk (2020, kc.153), saupama dititénan téh siswa kurang minat dina pangajaran aksara Sunda. Siswa loba nyanghareupan rupa-rupa pasualan dina diajar aksara Sunda. Pasualan anu disanghareupan ku siswa aya dina asorna kamahéran nulis aksara Sunda sabab nalika guru méré matéri teu miboga kaparigelan ngajar anu inovatif sarta teu dibarengan ku conto gambar-gambar nu luyu jeung matéri sangkan bisa nyieun siswa leuwih ngirut pikeun diajar aksara Sunda.

Nurutkeun Rahman (2018, kc.3), guru téh kudu bisa ngaronjatkeun inovasi pangajaran ku cara ngamangpaatkeun *Teknologi Informasi dan Komunikasi (TIK)* boh dina rarancang, pelaksanaan, boh dina évaluasi pangajaran tina sababaraha aspék saperti, aspék kompetisi, pédagogik, personal, profésional, jeung sosial. Ku kituna, perlu ayana modél pangajaran anu inovatif jeung kréatif pikeun ngungkulan pasualan anu karandapan.

Pikeun ngungkulan pasualan anu geus diguar di luhur, salasihiji modél pangajaran nyaéta modél pangajaran *Examples Non Examples*. Modél *Examples Non Examples* téh mangrupa salasihiji modél pangajaran anu ngalibetkeun peran sakabéh siswa. Ieu modél téh mangrupa modél pangajaran kelompok ku cara ayana bantuan tina gambar-gambar anu ngirut sarta saluyu jeung lingkup matéri pangajaranna (Saleha, 2016, kc.42). Nurutkeun Holida (2016, kc.112) gambar bisa dipaké minangka alternatif média komunikasi, ayana kahayang ngahirupkeun lambang-lambang jadi eunteung éksprési kabudayaan. Pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis Aksara Sunda, ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*. Siswa dibéré gambar-gambar anu aya patalina jeung wangun aksara Sunda, sangkan siswa boga gambaran kana matéri nu baris ditepikeun. Gambar anu disadiakeun mangrupa gambar-gambar papan jalan anu tulisanna ngagunakeun aksara Sunda.

Aya sababaraha panalungtikan anu nalungtik ngeunaan modél pangajaran *Examples non Examples* jeung nulis aksara Sunda. Sawatara panalungtikan meunang Rahmaty (2019) anu judulna “Modél *Examples non Examples* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Biografi (Studi Kuasi Ekspérimén ka Siswa Kelas XI SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019)”. Anu medar ngeunaan éféktivitas ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples* anu

dilarapkeun kana pangajaran nulis téks biografi, anu hasil panalungtikanna kamampuh siswa dina nulis téks biografi saméméh dibéré *treatment* kaasup kana katégori can mampuh, ku sabab hasil rata-rata *pretest* nya éta (60,5). Sedengkeun, sabada dibéré *treatment* hasil rata-rata *posttest* nya éta (86,53). Tuluy, aya ogé panalungtikan anu dilaksanakeun ku Huda & Hanum (2019) nu judulna “Peningkatan Keterampilan Menulis Teks Eksposisi Menggunakan Model Pembelajaran *Examples Non Examples*”. Hasil dina éta panalungtikan nyaéta kamampuh siswa dina nulis téks éksposisi saméméh dibéré *treatment* rata-rata peunteunna (67,20). Sedengkeun sabada dibéré *treatment* hasil rata-rata peunteunna nyaéta (87,20). Tina hasil éta panalungtikan, katitén yén hasil diajar siswa dina kaparigelan nulis téh ngaronjat sabada ngagunakeun modél *Examples Non Examples*.

Saterusna panalungtikan anu dilaksanakeun ku Suntara (2020), anu judulna “Modél *Take and Give* berbasis Gambar dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X MIPA 7 SMAN 15 Bandung Taun Ajaran 2019/2020)”, anu hasil panalungtikanna kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda saméméh dibéré *treatment* kaasup kana katégori kurang, ku sabab hasil rata-rata dina *pretest* nya éta 54. Tuluy, kamampuh siswa sabada dibéré *treatment* kaasup kana katégori hadé, ku sabab hasil rata-rata dina dina *posttest* nya éta 87,2. Ieu hal katinggali ngaronjatna nilai rata-rata *pretest* 54 jeung *posttest* 87,2. Aya ogé panalungtikan anu dilaksanakeun ku Hardiani (2020), anu judulna “Peningkatan Kemampuan Menulis Aksara Sunda Melalui Penerapan Media Daring (Aplikasi Pasundan)”. Hasil tina panalungtikanna, nulis aksara Sunda pra silus nya éta 22,86%, siklus kahiji ngaronjat jadi 31,43%, jeung siklus kadua leuwih ngaronjat jadi 82,86%. Ku ayana karonjatan dina nulis aksara Sunda, hartina siswa leuwih berhasil dina unggal siklus ngaliwatan larapna siklus ngaliwatan media daring (aplikasi pasundan). Tina hasil éta panalungtikan, katitén yén kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda ngaronjat sabada ngagunakeun modél jeung média anu digunakeun. Tapi aya sawatara kahéngkéranna nyaéta, modél anu digunakeun teu nyaluyukeun *skill* antara siswa nu miboga kamamouh akademik nu alus, jeung siswa anu kurang miboga kamampuh akademik. Kitu deui dina média anu digunakeun, teu sakabéh siswa bisa ngaaksés éta aplikasi.

Dumasar pedaran di luhur, modél pangajaran *Examples Non Examples* téh bisa dijadikeun alternatif pikeun maluruh stratégi jeung modél anu cocog pikeun ngungkulan pasualan anu karandapan ku siswa dina diajar matéri Aksara Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dijejeran “Modél Pangajaran *Examples non Examples* dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XC di SMA Negeri 19 Bandung Taun Ajar 2022/2023). Ieu panalungtikan perlu pikeun dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang anu disarungsum di luhur, aya sababaraha pasualan anu kaidentifikasi dina ieu panalungtikan, di antarana:

- a. kamampuh siswa dina nulis Aksara Sunda masih kénéh asor;
- b. aksara Sunda teu pati loba dipikawanoh ku siswa;
- c. modél pangajaran anu dilaksanakeun di sakola kurang ngirut atawa pikatajieun siswa. Antukna, teu pati kamotivasian dina diajar aksara Sunda, sarta teu pati mangaruhan kana kahontalna pangajaran anu dipiharep; jeung
- d. modél *Examples Non Examples* can kungsi dilarapkeun dina pangajaran nulis aksara Sunda.

Sangkan pasualan nu kaidentifikasi di luhur leuwih gampang dipaluruhna, satuluyna dirumuskeun dina sababaraha kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples* di kelas XC SMA Negeri 19 Bandung Taun Ajar 2022/2023?
- b. Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda siswa sabada ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples* di kelas XC SMA Negeri 19 Bandung Taun Ajar 2022/2023?
- c. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah, sacara umum ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun, nganalisis, jeung nguji kamampuh siswa dina pangajaran Aksara Sunda. Hasil diajar antara ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana tujuan anu geus dirumuskeun di luhur, tujuan husus ieu panalungtikan nya éta pikeun téh miboga tujuan sacara husus, nyaéta:

- a. ngadéskripsikeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples* di kelas XC SMA Negeri 19 Bandung Taun Ajar 2022/2023;
- b. ngadéskripsikeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa sabada ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples* di kelas XC SMA Negeri 19 Bandung Taun Ajar 2022/2023;
- c. ngadéskripsikeun analisis aspék-aspék anu ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda ngagunakeun modél pangajaran *Examples Non Examples*; jeung
- d. ngadéskripsikeun uji bédana kamampuh siswa nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*.

### 1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun référénsi pikeun mekarkeun élmu pangaweruh, minangka bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan ka hareupna, hususna ngeunaan modél pangajaran *Examples non Examples*.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan miboga ogé mangpaat praktis, di antarana nyaéta:

- a. pikeun guru, bisa dijadikeun minangka hiji stratégi pikeun nataharkeun siswa anu aktif, kréatif, jeung dipikaresep anu bakal ngahudang motivasi anu gedé sangkan gedé karep kana diajar;
- b. pikeun siswa, bisa kairut jeung ngamekarkeun motivasi kaaktifan, sarta bakal ngaronjatkeun hasil diajar, hususna dina pangajaran nulis Aksara Sunda; jeung
- c. pikeun nu nalungtik, bisa dijadikeun motivasi sangkan mampuh ngararancang, nyiptakeun, jeung ngamangpaatkeun modél pangajaran anu aya minangka alat pikeun mekarkeun pangaweruh, pamahaman, sarta ngarahkeun siswa kana pangajaran anu bisa dipikaresep.

### 1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dijieun pikeun jadi panalungtikan kalawan sistematis dina wangun skripsi. Ieu skripsi téh disarungsum jadi lima bab anu diwincik saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, anu ngawengku kasang tukang nu medar ngeunaan pasualan anu kaidentifikasi, rumusan masalah anu ngaguar ngeunaan idéntifikasi masalah dumasar kasang tukang sarta rumusan masalah dina sababaraha kalimah pananya, tujuan panalungtikan anu medar tujuan panalungtikan sacara umum jeung husus, mangpaat panalungtikan sacara tioritis jeung praktis, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, anu ngawengku tiori modél pangajaran, tiori modél *Examples Non Examples*, nulis, aksara Sunda, jeung modél *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis aksara Sunda. Salian ti éta, BAB II ogé medar ngeunaan panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis.

BAB III Méthode Panalungtikan, anu ngawengku désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan, anu ngawengku kamampuh nulis aksara Sunda siswa saméméh ngagunakeun modél *Examples Non Examples*, kamampuh nulis aksara Sunda siswa sabada ngagunakeun modél *Examples Non Examples*, aspék-aspék anu mangaruhan kana ngaronjatna kamampuh nulis aksara Sunda sabada

ngagunakeun modél *Examples Non Examples*, bébédaan anu signifikan kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas XC SMA tulisan.

BAB V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, anu ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, rékoméndasi pamaca, jeung implikasi modél *Examples Non Examples* boh pikeun guru atawa pikeun nu lianna dina prosés ngajar jeung diajar, hususna dina pangajaran nulis aksara Sunda.